

Kidonk, lòt zanj Revelasyon 18 la reprezante puisans Lespri Sen an ki akonpanye predikasyon mesaj dezyèm zanj Revelasyon 14.8 la, pèp Bondye a ak paj enprime yo. Mesaj zanj sa pale dabò de tonbe Babilòn nan, paske l vin yon bitasyon baka, yon repozwa movèzespri, yon repozwa vye zwazo ak move zwazo, paske tout nasyon yo bwè diven kòlè abominasyon l yo, e chèf latè yo vin rich granmesi pisans liks li a – Vèsè 2, 3.

Babilòn se manman tout fo ansèyman ki pa kòdyòm ak Pawòl Bondye a.

Pi gwo mesaj ki genyen nan Revelasyon 18 la chita nan vèsè 4 la. “*E m tandè yon lòt vwa nan syèl la, li t ap di : Soti nan mitan yo pèp mwèn an, yon fason pou n pa janm patisipe nan peche l yo, e pou n pa jwenn nan fleyo l yo.*” Mesaj sa a soti nan syèl la. Sa ta vle di se Bondye ki voye l. Mesaj sa se pou pèp Bondye a ki nan Babilòn toujou. Jezi gen rezon lè L deklare nan Jan 10.16 : “*Mwèn gen lòt mouton toujou, ki pa nan patiraj sa a; sa yo, fòk mwèn mennen yo; yo va tandè vwa m, e ap gen yon sèl twoup ak yon sèl bèje.*”

Bondye envite pitit Li yo ki nan Babilòn pou yo deplase. “Soti nan mitan yo”, sa se lòd Bondye. Pafwa fòk nou deplase pou n rankontre Bondye. Bondye te mande Abraham pou l kite patri l epi fè yon deplasman. “*Letènèl di Abram : pati kite peyi w la, lakay papa w la, pou w al nan peyi mwèn ap montre w la*” – Jenèz 12.1. Lè Bondye rele nou, pafwa Li mande nou pou n kite liks, pou nou rankontre L lòt kote.

Bondye gen yon pakèt pitit ki nan peyi etranje, nan Babilòn mistik la ; kounye a Li mande yo pou yo soti. Mòd vèb la enpòtan an. Li nan mòd enperatif. Se yon lòd, yon kòmandman, yon obligasyon. Bonjan pitit Bondye yo, sila k ap chache L yo ak tout kè yo nan obligasyon pou yo kite adorasyon imaj. Yo dwe kite tout kwayans ki kontrè ak Bib la, pou yo aksepte tout sa Bib la anseye yo san manke anyen. Sòti nan Babilòn nan vle di tou, soti nan adorasyon nan fo jou repo a, dimanch, pou obsève bonjan jou repo a, sa Bondye te bay depi fondasyon mond lan.

Zanmi k ap li mesaj sa a, nan lanmou Li, Bondye voye mesaj ak bonjan avètisman. Tout sa L vle se sove mond lan. Pou pwouve sa, Li ba nou pitit Li Jezi kòm ranson. Nan Levanjil la, apot Jan ekri : “[...] *Paske Bondye sitèlman renmen mond lan, jòk Li bay pitit Li Jezi, yon fason pou nenpòt moun ki kwè nan Li pa peri, men, pou L gen lavi etènèl*” – Jan 3.16.

Apot Pòl ranfòse deklarasyon sa a lè l di : “*Sa bon anpil nan je Bondye, Sovè nou an, ki vle pou tout moun sove e rive konnen verite a*” – 1 Timote 2.3, 4. Men, nou gen yon bagay pou n fè : reponn apèl Bondye a nan obeyi Pawòl Li. Lòd Bondye a klè : Sòti nan Babilòn. Pi bon moman pou w fè sa a se kounye a.

Yon jou, te gen yon Raben ki t ap anseye nan yon klas, gen yon etidyan ki poze l yon kesyon pou ka anbarase l. Li di l : “Mèt, ki pi bon moman pou yon moun aksepte Jezi epi obeyi Pawòl li?”. Li te byen sezi lè Raben an reponn li : “sèlman yon jou anvan w mouri”. Etidyan an di : “Men, mwèn pa konn kilè m ap mouri”. E pwofesè a reponn li : “Ebyen, si w pa konnen ki jou w ap mouri, pi bon moman an se jodi a menm”. Se sa pwofesè a te reponn.

Lè w fin li mesaj sa a, mwèn ta renmen envite w priye Bondye pou remèsye L ki fè n favè pou n li Pawòl sa, e an menm tan, lage w nan men Li pou viv esperans lavi etènèl la.

N.B. : *Kontakte legliz Advantis ki pi pre lakay ou a.*

Tradiksyon : Jean Carmy Félixon

Sèvitè w, **Pastè Frandy Jeanty**
Prezidan Misyon Nòdvès Advantis setyèm jou a

Dènnye mesaj avètisman Bondye pou tout PLANÈT la

(Zanj nan Revelasyon chapit 18 la)



*Bondye envite pitit Li yo ki nan Babilòn (konfizyon) pou yo kite l. “Soti nan mitan yo”, sa se lòd Bondye. Pafwa fòk nou **deplase** pou n rankontre Bondye.*

Li mesaj sa a, aplike konsèy yo nan lavi ou, w a gen lavi ki p ap janm fini an.



Mesaj sa se yon Koutwazi: **Mouvement Évangélique des Ouvriers de la Dernière Heure (MEODH)**

www.meodh.org; www.laicenmarche.org

nan tèt kole ak:

Mission des Adventistes du 7ème jour du Nord-Ouest d’Haïti (MANOH)

imel: laicenmarche@gmail.com

Telefòn: (631) 949-6964; (203) 247-0596; (703) 244-8480



SÒTI nan mitan yo PÈP MWEN an.

Depi mond lan egziste, chak fwa pral gen yon katastwòf, Bondye voye [divès] mesaj, yon pèp, yon mouvman relijiye pou avèti lèzòm epi rele yo pou yo repanti. Men sa ki ekri : “[...] *Senyè a, Letènèl, pa*

janm fè anyen san L pa revele sèvitè L yo, ki se pwofèt yo, sekerè L” – Amòs 3.7.

Pou moun ki te la anvan delij dlo a, Bondye te voye avèti yo. Delij la fèt e yo konstate l. “*Tout sa ke te sou latè te detri, kòmanse nan moun rive nan bèt, pran reptil ak zwaço nan syèl la : yo tout nèt detri sou latè. Se sèlman Noye, ak tout sa yo ak sila yo ki te nan lach ki rete*” – Jenèz 7.23.

Pou Sodòm ak Gomò, Lo te resevwa menm misyon an, men, yo pran l pou yon ti komik, menm pwòch li yo pa t vle kwè nan li. “*Lo soti, l al pale ak bofis li yo, mari pitit fi l yo, li di yo : Leve, soti kote sa ; paske Letènèl pral detri vil la. Men, pou bofis li yo, se blag li t ap bay*” – Jenèz 19.14.

Bò kote pa l, Jonas te jwenn apèl pou l te avèti moun ki t ap viv nan epòk li yo sou jijman Bondye sou vil Niniv. “*Jonas fè yon jounen l ap mache nan vil la ; li t ap di byen fò : Nan karant jou p ap gen Niniv ankò*” – Jonas 3.4.

E kijan sa ye pou lèzòm nan dènye jiman an, lè yo dwe reponn mesaj Senyè a te adrese yo jodi a tankou yon dènye apèl anvan fen tan gras la ? Vizyon Revelasyon an pa presize yo, men, granmesi pwofèt Patmòs la, Jan, otè pi gwo verite evanjelik la yo, Bondye ba nou garanti Li p ap entèvni pou L detri sila yo k ap detri tè a, san L pa avèti limanite pou yon dènye fwa.

Nan Revelasyon 14.6-12 nou wè twa zanj vin delivre mesaj yo a. Premye a envite tout moun sou latè pou yo retounen nan vrè kil adorasyon an. “*Mwen wè yon zanj ki t ap vole nan mitan syèl la, li gen yon Levanjil etènèl, pou l anonse tout moun ki ret sou latè, bay tout nasyon, tout tribi, tout lang ak tout pèp. Li t ap di byen fò : Krenn Bondye e ba L glwa, paske lè jijman L lan rive ; e adore Sila ki fè syèl la, ak tè a, ak [sous] dlo yo*” – Revelasyon 14.6, 7. **Mesaj sa se yon retou nan obsèvasyon saba a.**

Dezyèm zanj lan anonse Babilòn tonbe. “*E yon lòt, yon dezyèm vin annapre, l ap di : Li tonbe, li tonbe, Babilòn, grandèt la, li fè tout nasyon yo sou nan diven nan kòlè vye bagay li yo*” – Revelasyon 14.8. **Mesaj sa anonse Babilòn tonbe.**

E, finalman twazyèm nan anonse pi gwo avètisman Bondye a. “*E yon lòt, yon twazyèm zanj vin annapre yo, l ap di byen fò : Si yon moun adore bèt la ak imaj li, e l resevwa yon mak sou fwon li osnon sou men dwat li, li menm tou, l ap bwè gòdèt diven kòlè Bondye, ki pa mele ak anyen, nan gòdèt kòlè Bondye a, e l ap toumante nan dife ak souf, devan zanj yo ak devan mouton an. E dife toumant yo p ap janm etenn; sila yo ke ap adore bèt la ak imaj li, yo p ap janm anrepo, ni lajounen ni lanmwil*” – Revelasyon 14.9-11. **Mesaj sa se yon avètisman kont sila yo ki refize obsève kòmandman saba a ki chwazi obsève dimanch kòm jou repo a.**

Nan Revelasyon 18.4 li ekri : “*Après, mwen wè yon lòt zanj desann sot nan syèl la, ak otorite ; glwa li klere tout tè a. Li t ap di byen fò : Li tonbe, li tonbe, Babilòn grandèt la ! Li vin tounen bitasyon baka, repoza movèzèsprì, repoza tout vye zwaço ak move zwaço, paske tout nasyon yo bwè nan kòlè abominasyon l yo ; e otorite sou latè lage nan vye bagay ak li, e kòmèsan yo rich granmesi pisans liks li a. E m tande yon lòt vwa nan syèl la, li t ap di : Soti nan mitan yo, pèp mwen an, yon fason pou n pa janm patisipe nan peche l yo, e pou n pa jwenn nan fleyo l yo.*”

Mo zanj lan vle di “mesaj”, e yo sèvi ak li pou pale de komisyone sou latè osnon nan syèl la. Lòt zanj Revelasyon 18 la ak twa lòt nan Revelasyon 14 la yo se komisyone senbolik. Se pa t janm zanj dirèkteman Bondye te bay misyon pou evanjelize mond lan, men, se lèzòm. Se vre, zanj yo asiste anbasadè Kris la yo nan pwoklamasyon Levanjil la, men, se lòm ki dwe anonse mesaj sa a.

Lakoz se yon zanj ki jwenn misyon pou pwoklame mesaj sa a, sa vle di anpil bagay. Nan sajès Li, Bondye pran plezi pou L montre senbolikman grandè, pisans ak glwa mesaj sa, granmesi sa ki san defo, glwa ak pisans yon mesaj ki soti nan syèl la. Lòt zanj Revelasyon 18 la ap pale byen fò. Nou dwe konsidere mesaj premye zanj Revelasyon 14.6 la t ap pale byen fò. Twazyèm zanj lan tou, t ap kriye byen fò, Revelasyon 14.9. Sa vle di tout moun alawonnbadè dwe tande twa mesaj sa yo.

Mesaj premye zanj lan envite mond lan pou retounen nan obsèvasyon [sen] saba a (Revelasyon 14.6, 7). Tout limanite dwe tande mesaj sa, paske yo meprize saba Bondye a epi yo pase l anba pye. Mesaj twazyèm zanj Revelasyon 14.9 la envite limanite pou li pa aksepte dimanch lan kòm jou adorasyon e pou yo pa resevwa mak bèt la. Tout moun dwe tande mesaj sa tou. Fòk yo pwoklame li byen fò. Finalman, lòt zanj Revelasyon 18.1-4 la pwoklame yon mesaj ki dirèk e byen klè. Lòt zanj sa anonse tonbe Babilòn nan : “*Li tonbe, li tonbe, Babilòn grandèt la*” – Revelasyon 18.2.

An n fè yon ti pale de vil sa ki rele Babilòn nan. Ansyen site Babilòn nan se wa Nebikadnezà (Danyèl 4.27), ki te konstri l sou teren [tou] Babèl la (Jenèz 11.9), se poutèt sa yo rele l Babèl. Se la Bondye te konfonn langaj tout latè, e sa la tou Bondye gaye yo toupatou sou tè a.

Dapre Jenèz 10.10, se la Nimwòd te fonde epi gouvènè premye vil mezopotamyèn yo. “*Li te gouvènè dabò sou Babèl, Erèk, Akad ak Kalne, nan peyi Chineya.*”

Istwa Babilòn nan chita sou pwofanasyon, awogans, ògèy ak konfizyon. Jodi a, se rès ansyen Babilòn nan moun wè, e lanpi Babilòn nan disparèt lontan sa.

Nan Bib la, ansyen Babilòn reprezante osnon senbolize tout bagay ki opoze ak Bondye. Lè nan liv Revelasyon an yo pale de tonbe Babilòn nan, Bondye anplwaye yon langaj senbolik pou L pale de yon mouvman relijiye ki kanpe kont lwa Bondye a e ki fè kwè li gen otorizasyon divin pou yo chanje tan yo ak Lwa a, nan mennen limanite dezobeyi Pawòl Bondye a.

Kounye a, fòk nou wè kilès ki lòt zanj sa ki klere tout tè a ak glwa li.

Nan liv li a ki se [Préparation pour la Crise Finale](#), nan paj 82, Fernando Chaj ekri : « *Lòt zanj sa pa reprezante yon nouvo mesaj, men, yon puisans nèt ki va transfòme predikasyon twa mesaj yo nan yon kri, e ke ap fè tout moun, tout kote, alawonnbadè tande li* ». Yon lòt otè kretyen deklare : « *An majorite, se mezon edisyon nou yo ki dwe akonpli travay lòt zanj sa ki desann nan syèl la, ak yon gwo puisans e ki klere tout latè a ak glwa li* » – Temwayaj pou Legliz Volim 3, p. 164.

Nan paj 165 menm liv sa a li ekri : « *Yo pa t janm pwoklame mesaj sa ak tout fòs sa pase jodi a, bay yon mond ki meprize egzijans Bondye yo. Lòm kontinye pi rès nan transgresyon yo ; mechanste yo prèske fè bokit inikite yo a ranvèse atè a. Latè prèske rive nan limit pou Bondye lage l nan men destriktè a. Lwa lòm yo ki pran plas lwa Bondye a yo, obsèvasyon dimanch sou lòd otorite lòm nan plas saba ki nan Bib la, se dènye dram aksyon sa a. Lè ranplasman sa va invèsèl, Bondye va parèt : “L ap leve nan majeste Li. L a sekwe tè a fò ; L ap pini lèzòm akòz inikite yo, e latè p ap kowri san ankò e l p ap kache mò l yo.”* » – Temwayaj pou Legliz Volim 3, p. 165